

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dina proses panalungtikan aya sababaraha hal anu kapanggih nya éta: Kasenian kacapi solawat nya éta kasenian nu mangrupa kamekaran tina kasenian mamaos (Cianjuran). Lagu solawat nu biasa dihaleuangkeun dipirig maké kacapi jeung waditra lianna. Unsur kabudayaan nu kapanggih dina kacapi solawat ngawengku tujuh unsur kabudayaan nurutkeun Koentjaraningrat, nya éta: (1) peralatan atawa pakakas hirup manusa, (2) pakasaban jeung sistem ekonomi, (3) sistem organisasi atawa kamasarakatan, (4) sistem basa, (5) kasenian, (6) sistem ilmu pangaweruh, jeung (7) sistem religi.

1. Peralatan atawa pakakas

Pakakas nu dipaké dina kasenian kacapi solawat nya éta pakakas kasenian nu mangrupa kacapi, suling, kulantér, kentrung, jeung sajabana. Kacapi nya éta pakakas utama nu digunakeun dina kasenian kacapi solawat.

2. Pakasaban jeung sistem ékonomi

Sabada dianalisis boh dina prak-prakan boh dina rumpaka kacapi solawat teu kapanggih unsur pakasaban jeung sistem ekonomi.

3. Sistem organisasi atawa kamasarakatan

Sabada dianalisis tina rumpaka kacapi solawat ayana sesebutan “Gusti”, “Kanjeng”, jeung “Mantenna” nu nunjukkeun yén nu disebutkeun téh boga kalungguhan anu luhung atawa bisa disebut pamingpin.

4. Sistem Basa

Sabada dianalisis, sistem basa nu digunakeun dina rumpaka kacapi solawat dibagi jadi tilu bagian, nya éta rumpaka nu ngagunakeun basa Arab wungkul, rumpaka nu ngagukeun basa Arab jeung harti atawa ma’na nu ditulis dina basa Sunda, jeung rumpaka nu ngagunakeun basa Arab nu diselapkeun rumpaka lian nu ngagunakeun basa Sunda.

5. Kasenian

Dina kacapi solawat unsur kasenian bisa kapanggih dina sababaraha hal, nya éta tina raksukan nu di paké ku para pamaén, waditra nu digunakeun, tata panggung, jeung aransemén lagu-lagu solawat.

6. Sistem Élmü Pangaweruh

Dina kacapi solawat, sistem élmü pangaweruh aya dina rumpaka. Sistem élmü pangaweruh nu aya dina kacapi solawat nya éta élmü ngeunaan ajaran agama.

7. Sistem Religi

Ajén réligi nu kapanggih dina kasenian kacapi solawat bisa katingali dina sababaraha bagéan, nya éta tina téks (rumpaka) jeung tina raksukan pamaénna.

Tina hasil analisis bisa dicindekkeun yén kapanggih ajén budaya Sunda dina kacapi solawat jeung bisa disusun kana bahan pangajaran basa Sunda.

5.2 Rekomendasi

Saran nu ditepikeun dina ieu panalungtikan téh nya éta:

1. Pikeun lembaga atikan: Ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun pangdeudeul dina pangajaran basa, sastra, agama, budaya, jeung seni pikeun ngawanohkeun wanda budaya Sunda.
2. Pikeun masarakat: Ieu panalungtikan bisa jadi sumber pikeun ngawanohkeun wanda budaya Sunda pikeun masarakat jeung ngawanohkeun ka masarakat yén solawat bisa dipirig ku kasenian nu aya di urang. Pikeun guru: ieu panalungtikan bisa jadi salahsahiji sumber pikeun nyusun bahan pangajaran. Pikeun siswa: ieu panalungtikan bisa jadi pangirut siswa dina pangajaran basa Sunda di sakola, hususna dina pangajaran ngaregepkeun pupujian.